**दिन—बुधवार** **दिनांक—31.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

पेरिस ओलंपिक मे बैडमिंटन स्टार खेलाड़ी पी.वी सिंधु आ लक्ष्य सेन अपन आखिरी ग्रुप मैच मे शानदार जीत दर्ज कऽ भारतक लेल मेडल के आशा जगा देलनि अछि। सिंधु अपन प्रतिद्वंदी क्रिस्टीन कुबा के सोझे सेट मे एकैस—पांच एकैस —दस सँ पराजित कऽ प्री क्वार्टर मे पहुँचि गेल छथि। ओतहि, लक्ष्य सेन पुरूष सिंगल बैडमिंटन मे विश्व के नंबर तीन खेलाड़ी जोनाथन क्रिस्टी के एकैस—अठारह, एकैस—बारह सँ पराजित कऽ प्री—क्वार्टर मे स्थान बना लेलनि अछि। एम्हर, टेबल टेनिस मे सृजा अकुला आ तिरंदाजी मे दीपिका कुमारी अपन—अपन मोकाबिला जीत कऽ मेडल राउंड मे प्रवेश कऽ लेलनि अछि।

———————————————————————

शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान कहलनि अछि जे राष्ट्रीय परीक्षण एजेंसी एनटीए के गठनक बाद सँ पांच करोड़ सँ बेसी उम्मीदवार एनटीए द्वारा आयोजित विभिन्न परीक्षा सभ मे सम्मिलित भेलाह अछि। राज्यसभा मे आई एक पूरक प्रश्न उत्तर दैत श्री प्रधान कहलनि जे एनटीए एखन धरि दू सय पचास परीक्षा आयोजित कयलक अछि। ओ सदन के इहो जनौलनि जे पछिला दस वर्ष मे सरकार मेडिकल के सीट बढ़ा कऽ एक लाख दस हजार कऽ देलक अछि। देश भरि मे कोचिंग सेंटर सभक बढ़ैत संख्या पर सदस्य लोकनिक भावना के ध्यान मे राखैत श्री प्रधान कहलनि जे सरकार चाहैत अछि जे कोने कोचिंग सेंटर नहि हुअए आ हरेक छात्र के गुणवत्तापूर्ण शिक्षा उपलब्ध भऽ सकय। शिक्षा मंत्री सरकारी स्कूल सभ पर ध्यान केन्द्रित करबाक आवश्यकता पर सेहो जोर देलनि अछि।

———————————————————————

पूर्व आईएएस अधिकारी प्रीति सूदन के संघ लोक सेवा आयोगक अध्यक्ष बनाओल गेल अछि। श्री मती सूदन उनैस सय तेरासी बैचक आईएएस अधिकारी छथि। ओ जुलाई दू हजार बीस मे केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्रालय मे सचिव पद सँ सेवानिवृत भेल छलीह।

———————————————————————

प्रदेशक शिक्षामंत्री सुनील कुमार सभ जिलाधिकारी के अपन–अपन जिला सभ मे कोचिंग संस्थान सभक जाँच के आदेश देलनि अछि। श्री कुमार कहलनि जे दिल्ली के घटना सँ सबक लऽकऽ राज्य भरि के कोचिंग संस्थान सभ मे सुरक्षा मानक के अनुपालन आ आन बिंदु सभक जाँच आवश्यक अछि।

———————————————————————————

दिल्ली के एक कोचिंग संस्थान मे भेल घटना के बाद पटना जिला मे विभिन्न कोचिंग संस्थान सभ मे सुरक्षा प्रबंध के सत्यापन के काज आई सेहो कयल जा रहल अछि। फराक–फराक अनुमंडल मे अनुमंडल पदाधिकारी लोकनिक नेतृत्व मे कोचिंग संस्थान सभक जाँच कयल जा रहल अछि। एहि दरमियान कोचिंग संस्थान सभ मे आपात स्थिति सँ निबटबाक लेल कयल गेल व्यवस्था सभक समीक्षा के संगहि लाईसेंस, अग्निसुरक्षा व्यवस्था आ आकस्मिक स्थिति सँ निबटबाक व्यवस्था के जाँच कयल जा रहल अछि। पटनाक जिलाधिकरी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह एहि लेल छओ टीमक गठन कयलनि अछि।

———————————————————————————

पूर्णियां पुलिस लाईन बजार स्थित आभूषणक दोकान मे पछिला दिन भेल करोड़ो टाका के लूटकांडक उदभेदन कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक उपेन्द्रनाथ वर्मा जनौलनि जे एहि मामिला मे एखन धरि चारि अपराधी सभ के गिरफ्तार कयल गेल अछि। ओ जनौलनि जे पकड़ल गेल अपराधी सभ पटना के बेउर जेल मे डकैती के योजना बनौलक आ बाहर के अपराधी सभक मददि सँ घटना के अंजाम देलक। पुलिस अधीक्षक कहलनि जे एसटीएफ आ जिला पुलिसक दस टीम भिन्न–भिन्न स्थान पर छापामारी कऽ रहल अछि। शीघ्रहिं घटना मे सम्मिलित आन अपराधी सभक सेहो गिरफ्तारी भऽ जायत।

———————————————————————————

पूरा प्रदेश मे दक्षिण–पश्चिम मॉसूनक गतिविधि कमजोर बनल अछि जाहि कारण राज्यक बेसीतर भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एखन धरि राज्य मे औसत सँ सैंतीस प्रतिशत कम वर्षा भेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन मे पटना सहित राज्यक दक्षिणी भाग मे किछु स्थान पर मध्यम वर्षा हेबाक संभावना अछि। ओतहि, प्रदेशक उत्तरी भाग मे हल्का वर्षा भऽ सकैत अछि। विभाग कहलक अछि जे अगिला तीन दिनक दरमियान प्रदेशक बेसीतर भाग मे तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि दर्ज कयल जा सकैत अछि। ओतहि, राज्यक

दक्षिण–पश्चिम, दक्षिण–पूर्व आ उत्तर–पश्चिम भाग सभ मे अगिला दू दिन मे कतेको ठाम मेघ गर्जना के संग ठनका खसबाक आशंका अछि।

———————————————————————————

बिहार केन्द्रीय संचार ब्यूरो दरभंगा क्षेत्रिय कार्यालय आई सँ दरभंगा परिसर मे काज करब शुरू कऽ देलक अछि। केन्द्रीय संचार ब्यूरो के उपनिदेशक संजय कुमार एकर उद्घाटन कयलनि।

———————————————————————————

सुपौल जिलाक राघोपुर मे कृषि विज्ञान केन्द्रक दिस सँ प्राकृतिक खेती के प्रोत्साहन देबाक लेल जागरूकता सह प्रशिक्षण कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। एहि दरमियान किसान लोकनि के रासायनिक कीट नाशक, खाद आ आन कृत्रिम उपाय सँ होबऽबला नोकसानक विषय मे जनतब देल गेल।

अररिया जिला मे आत्मा के दिस सँ मोट अनाजक बढ़ावा देबाक आ ओहि सँ होबऽबला लाभ के लऽकऽ किसान लोककिन संग संवाद कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

खगड़िया जिलाक बेलदौर थाना क्षेत्र अंतर्गत जोलहनिया पुलक लऽग वाहन जांचक दरमियान दू हथियार तस्कर के गिरफ्तार कयल गेल। अपराधी सभक लऽग सँ दू सय बीस कारतूस आ नगद टाका बरामद कयल गेल अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।